



Pou Piblikasyon Imedya: 06/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANSANM AK KONTWOLÈ DINAPOLI NONMEN POU PREMYE
FWA KOMITE KONSILTATIF DEKABONIZASYON AN**

***Anons lan Te Rive Apre Efò Kolaboratif Ke Gouvènè an ak Kontwolè an Yo Te Fè
pou Pwoteje Fon Retrèt Eta a Kont Danje Chanjman Klimatik yo, epi Sipòte yon
Ekonomi Enèji Pwòp ki Pi Dirab***

***Etap Enpòtan nan Fè Vanse Pwopozisyon Eta Leta Gouvènè an pou Kapab
Dekabonize Pi Plis Fon Pansyon Eta a epi Idantifye Opòtinite Enèji Pwòp yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ansanm ak Kontwolè Thomas P. DiNapoli yo te anonse jodi a manm ki nan Komite Konsiltatif Dekabonizasyon (Decarbonization Advisory Panel) pou premye fwa nan eta a, ki te pwopoze inisyalmant pa Gouvènè an pandan diskou Eta Leta 2018 li an nan mwa Janvye a. Komite an pral konseye Kontwolè a, kòm garan 209.1 milya dola ki nan Fon Retrèt Komen (Common Retirement Fund) Eta New York lan (Fon), sou jan pou redwi pi byen risk investisman yo ki soti nan chanjman klimatik epi maksimize opòtinite yo nan nouvel ekonomi ki pa itilize anpil kabòn.

“Pou kapab abòde danje chanjman klimatik yo, New York pral kontinye pran mezi pwogresis pou investi nan itilizasyon resous renouvlab yo, sipòte kwasans biznis dirab yo, epi ede konstwi yon ekonomi enèji pwòp”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou ap rete tann rekòmandasyon komite sa sou jan pou pi byen dekabonize fon pansyon an nan yon fason ki pral garanti retrèt pou moun New York ki ap travay di yo, epi ede sipòte sante global ekonomi eta a, epi pwoteje anviwònman nou an pou jenerasyon ki gen pou vini yo.”

“Fon Retrèt Komen Eta New York lan se yon lidè pami fon pansyon piblik yo nan analize enpak chanjman klimatik yo sou investisman nou yo. Nou te pran mezi pwoyaktif epi ki agresif pou chanje investisman nou yo pou ale nan konpayi ki pi pwòp, epi nou ap chèche sila yo ki ap kapitalize sou nouvel teknoloji ak opòtinite yo”, **Kontwolè DiNapoli te deklare.** “Nou ap jere danje klimatik yo pou kenbe fon pansyon nou an solid epi pwoteje ekonomi pou retrèt yo de plis pase yon milyon anplwaye piblik, moun ki pran retrèt ak fanmi yo. Mwen espere koute sigjesyon komite a sou jan ke nou kapab kontinye ak pwogrè nou yo nan akonpli ranbousman investisman yo, pandan ke y’ap kontribiye nan ekonomi ki pa itilize anpil kabòn ki ap emèje nou an.”

Komite an, ki gen ladan ekspè investisman, finansye, anviwònmantal, enèji ak legal yo, pral konseye Kontwolè an sou jan, konsistan ak obligasyon fidisyè yo, Fon an kapab plis dekarbonize pòtfèy li an epi idantifye opòtinite investisman posib yo nan endistri enèji pwòp ak enèji renouvlab yo, ak lòt endistri ki ap emèje yo.

Komite an pral evalye estrateji ki gen ladan: elajisman nivo kabòn ba Fon an pou eksplwatasyon ekite piblik yo, soti nan eksplwatasyon kabiran fosil yo yon fason konsiderab, ak itilizasyon New York Green Bank ak lòt òganizasyon yo pou investi nan ekonomi ekolojik New York lan. Komite an pral gade tou sa ke lòt fon pansyon ak investisè yo te fè pou dekarbonize kapital yo. Rekòmandasyon komite an pral konsiltatif nan nati yo.

Manm Komite Konsiltatif an se:

Cary Krosinsky: Mesye Krosinsky ap anseye sou tewori ak pratik investisman dirab nan Brown University. Li tou se yon konferansye nan Yale School of Management epi li se yon manm komite konsiltatif fakilte nan pwogram etid sou enèji yo nan Yale College. Mesye Krosinsky se yon ko-fondatè ak direktè Inisyativ Siveyans Kabòn (Carbon Tracker Initiative) ak Siveyans Enpak Reyèl (Real Impact Tracker), direktè prensipal nan NPV Associates ak konseye sou dirabilite nan BlueSky Investment Management. Li se tou yon otè ak editè jounal “Journal of Environmental Investing”.

Bevis Longstreth: Nonmen de fwa pa Prezidan Ronald Reagan pou travay kòm yon komisè nan Komisyon Echanj ak Sekirite Etazini an (United States Securities and Exchange Commission), Mesye Longstreth ap travay aktyèlman nan Komite Investisman (Investment Committee) New School University an ak kòm yon konseye pou Fon Pansyon Pwofesè Kentucky an (Kentucky Teachers Pension Fund). Li te prezide anvan sa komite investisman an nan Nathan Cummings Foundation, epi pandan plizyè ane li te travay nan komite administratè yo pou Fon Ekite Retrèt Inivèsite an (College Retirement Equities Fund), komite direktè Grantham, Mayo & Von Otterloo, ak Komite Finans Pansyon an nan World Bank.

Alicia Seiger: Direktris Adjwen nan Steyer-Taylor Center for Energy, Policy and Finance nan Stanford University, Madam Seiger ap dirije inisyativ sou finans enèji ak enèji dirab yo nan Fakilte Dwa (Law School), Graduate School of Business, ak Precourt Institute for Energy ki nan Stanford lan. Madam Seiger ap travay nan komite CERES lan, yon òganizasyon pou dirabilite ki ap mennen, epi li te fonde “Investing in a New Climate”, ki se yon seri atelye pou pwopriyetè kapital yo pou ankete sou sous enfòmasyon yo, zouti ak estrateji yo pou jesyon risk investisman klimatik yo, epi kapitalize sou opòtinite inovasyon yo.

George Serafeim: Pwofesye Asosye Fanmi Jakurski an nan Harvard Business School, Mesye Serafeim se yon direktè nan High Meadows Institute, yon ko-fondatè ak patnè siperyè nan KKS Advisors, ak yon ansyen Manm Konsèy Estanda yo (Standards Council Member) nan Komite Estanda Kontabilite sou Dirabilite an (Sustainability Accounting Standards Board).

Tim Smith: Direktè Angajman Pwopriyetè Kapital ESG nan Walden Asset Management, Mesye Smith te dirije pwogram angajman pati ki konsène ki ap kontinye nan Walden lan pou pwomouvwa pi gwo lidèchip kòporatif sou pwoblèm

anviwòmantal, sosyal, ak gouvènans yo. Sa gen ladan dyalòg ak konpayi, pwopozisyon pati ki konsène yo, eleksyon pwokirasyon, ak defans politik piblik. Pami domèn ke Walden konsantre sou yo genyen rapò sou dirabilite, depans politik ak solisitasyon, divèsite komite yo, konpansasyon egzekitif ak gouvènans, chanjman klimatik yo, estanda chèn apwovizyonman yo, itilizasyon dlo ak dwa imen yo. Anvan sa, Mesye Smith te travay kòm yon direktè egzekitif pou Interfaith Center on Corporate Responsibility pandan 24 ane. ICCR ap kowòdone pwogram responsabilite kòporatif lan pou plis pase 300 investisè relijye, enstitisyonèl yo ki angaje nan itilizasyon defans pati ki konsène yo pou enfliyans kondwit kòporatif epi pwomouvwa jistis sosyal.

Joy Williams: Aktyèlman yon konseye siperyè pou Zizzo Strategy, Madam Williams te etabli anvan sa rezo investisman ki responsab lan epi li te travay kòm ekspè dosye sijè chanjman klimatik nan kay yo nan Ontario Teachers' Pension Plan, ki se yonn nan pi gwo investisè enstitisyonèl nan mond lan yo. Yon enjenyè pwofesyonèl ak yon analis investisman altènatif ki agreye, Madam Williams konsantre sou idantifye enpòtans chanjman klimatik yo pou yon estrateji òganizasyon epi eksplore solisyon ki pragmatik yo. Eksperyans anvan an gen ladan edikasyon ak lidèchip yo te panse sou chanjman klimatik yo ak devlopman rezo investisman ki responsab yo atravè klas kapital yo ki gen ekite prive, enfrastrikti, imobilye, kredi ak ekite piblik.

Efò Eta New York pou Konbat Chanjman Klimatik yo

Sou Gouvènè Cuomo, Eta New York te yon lidè nasyonal nan abòde danje ke chanjman klimatik yo prezante. Nan jou apre ke gouvènman federal lan te anonse entansyon li pou soti nan Akò Klimatik Paris yo, New York te rejwenn Eta California ak Washington pou fòme konjwentman Alyans Klimatik Ameriken an (U.S. Climate Alliance), yon alyans ki gen 16 manm ki ap reprezante anviwon 40 pousan pwodwi domestik brit Ameriken an (7.4 bilyon dola). New York te etabli tou yon Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) pou mwaye nan elektisite li yo soti nan sous ki renouvlab yo apati 2030, konpleman estrateji Refòm Vizyon Enèji (Reforming the Energy Vision, REV) anbisye Gouvènè Cuomo an. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan epi pi abòdab pou tout moun New York yo apati estimilasyon investisman nan teknoloji pwòp yo tankou enèji solè, ewolyèn ak efikasite enèjetik, epi li ap asire ke New York redwi emisyon gaz a efè sèr ki toupatou nan eta a de 40 pousan apati 2030, epi akonpli objektif rediksyon emisyon an de 80 pousan apati 2050 ke yo rekonèt onivo entènasyonal. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5 milya dola Gouvènè an nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon, tanpri vizite sitwèb www.ny.gov/REV4NY epi swiv nou nan @Rev4NY.

Fon Retrèt Komen Eta New York

Fon Retrèt Komen Eta New York lan se twazyèm pi gwo fon pansyon piblik ki nan peyi Etazini an ak kapital ki estime a 209.1 milya dola jiska dat 31 Desanm 2017. Fon an ap òganize epi investi kapital Eta New York ak Sistèm Retrèt Lokal lan nan non plis pase yon milyon anplwaye gouvènman eta ak lokal yo ak moun ki pran retrèt yo ak benefisyè yo. Li te klase yon fason konsistan kòm yonn nan plan ki pi byen jere epi pi byen finanse nan nasyon an. Yo te rekonèt li kòm pi bon Investisè Ameriken, epi twazyèm globalman, pou efò li yo pou konbat chanjman klimatik apati Pwojè Divilgasyon Pwopriyete Kapital yo (Asset Owners Disclosure Project). Ane fiskal Fon an ap fini nan dat 31 Mas 2018. Ou kapab enfòme pi plis sou investisman dirab yo nan nyscomp.org/2ERolCo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)